

IN THE CIRCUIT COURT OF
THE NINTH JUDICIAL COURT
ORANGE COUNTY, FLORIDA
PROBATE DIVISION

IN RE: THE GUARDIAN ADVOCATE OF

Case No.: _____

**ORDER APPOINTING GUARDIAN ADVOCATE OF THE PERSON ONLY /
LÒD NOMINASYON TITÈ AK FONKSYON LIMITE SÈLMAN POU MOUN**
FOM H

Aprè konsiderasyon Petisyon pou Nominasyon Titè ak Fonksyon Limite Moun nan, Tribinal a jije _____, moun ki gen andikap devlopmantral la, gen yon andikap devlopmantral ki egzije nominasyon yon Titè ak Fonksyon Limite moun nan dapre enfòmasyon sa yo ak konklizyon lalwa, jan seksyon 393.12(2), Lwa Florida, mande sa:

1. Nati ak dimansyon moun nan gen difikilte pou pran desizyon se:

2. Kote egzakteman moun nan gen difikilte pou pran bon jan desizyon sou sèvis swen ak tretman oswa pou fè bagay ki nesèsè pou regle zafè sante fizik ak sekirite li se:

3. Andikap legal espesifik moun ki gen andikap devlopmantral la se:

4. Pouvw a ak tach Titè ak Fonksyon Limite a se:

- (____) pou detèmine rezidans;
- (____) pou bay konsantman pou swen medikal, dan, oswa swen ak tretman operasyon;
- (____) pou pran desizyon sou anviwònman sosyal oswa lòt bagay sosyal vi moun ki gen andikap devlopmantral la
- (____) pou aji kòm reprezantan ki touche avantaj gouvènman oswa pou al chèche avantaj sa yo

Avan Titè ak Fonksyon Limite a resevwa otorite espesifik nan men Tribinal la, jan li deklare nan seksyon 744.3725, li p ap kapab:

(a) entène moun ki gen andikap devlopmantral nan yon sant, enstitisyon, oswa yon kote ki gen lisans pou ofri sèvis san li pa swiv pwosedi fòmèl pou plasman, dapre Chapit 393, Lwa Florida;

(b) bay konsantman pou patisipasyon moun ak andikap devlopmantral la nan okenn pwosedi eksperimantasyon biyo-medikal oswa konpòtman, egzamen, etid, oswa rechèch;

(c) bay konsantman pou fè pwosedi esterilizasyon ou avòtman sou moun ki andikape a;

(d) bay konsantman pou koupe sipò k kenbe moun ki gen andikap devlopmantral la an vi.

(e) lanse yon petisyon pou anile yon maryaj pou moun ki sou titèl la

(f) egzèse okenn otorite sou okenn ranplasman swen sante ki nome nan okenn testaman moun ki andikape a te fè, dapre Chapit 765, Lwa Florida, sof si Tribinal la ta pa yon lòt lòd.

_____ (moun ki gen andikap devlopmantral la) ap gen tout dwa legal sòf pou sa yo Tribinal la bay Titè ak Fonksyon Limite a espesyalman pou sa.

KONSIDERE, ODONE & JIJE

1. _____ kalifye pou sèvi kòm titè ak fonksyon limite moun nan epi dapre dokiman sa a li nome kò Titè ak Fonksyon Limite Moun pou _____ (moun ak andikap devlopmantral la).

2. Titè ak Fonksyon Limite a dwe egzèse sèlman dwa Tribinal la te twouve moun ki gen andikap la pa ka egzèse poukont li, jan li detaye pi wo a. Moun ki gen andikap devlopmantral la ap pèdi dwa sa yo epi y ap bay Titè ak Fonksyon Limite a yo.

3. Apre li prete ak depoze sèman sou kondisyon titè a ap fè tout sa yo mande li, y ap bay lèt titèl la.

FET AK ODONE nan chanm tribinal nan Orlando, Konte Orange _____ jou
_____, 20__.

Jij Tribinal Distri

Kopi pou bay: